

KOMITE LEKÒL NAN VIL BOSTON



Dat: mercredi 4 août 2021
Pou: Komite Lekòl Boston
cc: Sirentandan Brenda Cassellius
Soti: Jeri Robinson, Prezidan
Objè: Nominasyon Vis-prezidan Gwoup Travay ki Responsab Elèv k ap Aprann Lang Anglè yo.

Aswè a, Mwen nome fòmèlman Ernani DeAraujo manb Komite Boston School vis-prezidan Komite Travay ki responsab Elèv k ap Aprann Anglè (ELL) yo. Mesye DeAraujo pral ranpli fonksyon sa a ke Doktè Lorna Rivera te okipe, ki te kite Komite a nan mwa Jwen ki pase a.

Komite sa a ke Komite lekòl Boston (Boston school) te kreye nan lane 2009, Gwoup Travay ki responsab ELL la travay kòm yon kò de kontwòl ak vizyon k ap sipòte BPS nan reponn ak bezwen kontinyèl miltikiltirèl ak miltilang distri a kote genyen prèske youn nan chak de elèv ki pale yon lang anplis de lang Anglè lakay yo ak elèv ki soti nan 139 peyi diferan.

Yon ansyen elèv EL BPS, Mesye DeAraujo ki te frekante Bradley Elementary, Umana Academy ak Boston Latin School (BLS), li te kontinye etid li e resevwa yon Diplòm B.A nan Inivèsite Harvard (Harvard university) ak yon Doktora (J.D) nan inivèsite de dwa Washington ak inivèsite Lee (Washington an Lee University of Law ki nan Lexington, VA. Gras ak manman li, yon fanm ke mari l mouri ki soti Kolonbi vin abite nan Sid Boston, ki enkilke nan Mesye DeAraujo yon pwofon apresyasyon pou pouvwa transfòmatif edikasyon. Mesye DeAraujo se vis prezidan Afè Reglmantè ak Komisyon Jeneral (Regulatory Affairs and General Counsel) Sant sante East Boston Neighborhood (East Boston Neighborhood Health Center (EBNHC)), youn nan pi gwo Sant Sante ki genyen nan peyi a ki genyen plis pase 100.000 pasyan ak 1.400 anplwaye. Anplis de sa, li se ansyen prezidan Òganizasyon pou Devlopman Kominotè NOAH (NOAH Community Development Corporation), kote li t ap sipèvize East Boston-based community development corporation lan e kreye affordable housing and community building, espesyalman atravè devlopman jèn yo ak jistis anviwonmantal. Li se youn nan moun ki te fonde yon pwogram pou Lekòl Segondè Sid Boston (East Boston High School) ki rele Mario Umana Public Service Fellowship, ki gen misyon pou ede elèv yo jwenn opòtinite pou yo fè estaj nan pwogram gouvènmantal ak pwogram ete epi ede elèv yo aplike pou inivèsite. Mesye DeAraujo abite avèk fanmi li nan Sid Boston kote li vrèman enplike nan kominote a atravè travay li nan EBNH, e kòm etan yon ansyen ajan lyezon katye yo pou Sid Boston pandan Manda ansyen majistra Thomas Menino a.

Mwen gen konfyans ke eksperyans pèsònèl ak pwofesyonèl Mesye DeAraujo pral fè de li yon eleman endispansab pou ELL Task Force. Mwen pa ka tann pou mwen diskite sou nominasyon li a nan reyinyon an aswè a, e mwen mande pou Komite a aji sou dosye sa a 1ye Septanm 2021.